gazetavpered@list.ru

*Ассаламу гIалайкум!*

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№38 (6867) * 21 СЕНТЯБРЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 10 РАБИГIУЛ АХИР 1448 с. *

# Сессия тIобитIана



**16 сентябралда районалъул администрациялъул дандеЛъабазул залалда тIобитIана районалъул депутатазул Собраниялъул 8 – абилеб ахIиялъул 7 абилеб сессия. Гьениб гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIер М. ТIагьировас, районалъул бетIерасул заместитель М. МухIамадовас, районалъул жанисел ишазул отделалъул нухмалъулев М. Зубаировас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибировас, районалъул росабазул администрациязул бутIруз, учреждениязулгун организациязул нухмалъулез.**

Гьениб гьоркьоблъун хал гьабиялде росун рукIана:

1. Участкаялъул рищиязул комиссиял РФялъул Пачалихъалъулаб Думаялде ва РДялъул Халкъияб Собраниялде тIоритIизе ругел рищиязде хIадурлъиялъул хIакъалъулъ. КIалъай гьабуна территориалияб рищиязул комиссиялъул нухмалъулев ХI. Шейховас.

2. Районалъул 2026 соналде бугеб бюджеталда хиса – басиял гьариялъул хIакъалъулъ. КIалъана районалъул администрациялъул финансазул отделалъул хIалтIухъан А. МухIамадхIажиева.

3. 2025 – 2026 цIалул соназул хIасилалда районалда тIоритIарал цогоял пачалихъалъул экзаменазул хIасилал. Баян кьуна районалъул лъайкьеялъул нухмалъулев С. ГIусмановас.

4. Муниципалиял хъулухъал тIуразе гьарулезда тIад бугеб жавабчилъиялъул хIакъалъулъ. КIалъазе вахъана районалъул депутатазул Собраниялъул кидагосеб основаялда вугев депутат М. ШагIбанов.

5. Муниципалияб буголъиялде рехун тараб, хIисабалде гьечIеб, буголъи босиялъул проекталъул хIакъалъулъ. Баян кьуна ЖККХялъул бетIерай юрист А. Абакаровалъ.

6. Районалъул школазда бухIилеб квен чIезабиялъул ва кванил нигIматал росиялда хадуб хъаравуллъи чIезабиялъул хIакъалъулъ. КIалъазе вахъана районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. ШагIбандибиров.

7. БатIи – батIиял.

Киналго гьоркьор лъун халгьабиялде росарал суалазда тIасан дандрекъон кколел хукмаби къабул гьаруна.



## ОБРАЩЕНИЕ

**Уважаемые жители селений Гергебиль, Курми и Маали!**

На территории Гергебиля проводятся работы по восстановлению поврежденного участка газопровода высокого давления.

На данный момент в селении Гергебиль идут работы по бурению скальных пород под руслом реки, для прокладки газопровода высокого давления. Предварительный расчет был на бурение 110 метров, однако, из-за сложности работ по состоянию на сегодняшний день пробурено 122 м. на глубине 7 м. и вышли на противоположный берег.

Организована доставка алмазной насадки (коронка) бура для расширения скважины с большим диаметром (250 мм. и последний этап 350 мм. бурение) из города Челябинск, предназначенную для бурения скважины в качестве гильзы для газопроводной трубы.

Насадка доставлена на место проведения работ, произведена замена и проводятся работы по бурению скважины с расширением на 250 мм.

Задействованы (РЭУ Гергебильского и Унцукульского районов совместно с представителями ООО «Газпром газораспределение Дагестан» и ООО «Спецремстроймонтаж») в составе 9 чел. и 3 ед. техники.

Восстановление газоснабжения по плану планируется 30.09.2026.

РЕМОНТАЛЪУЛАЛ ХIАЛТIАБИ



# Нух къачIана

**ТIабигIияб балагьалъул хIасилалда БагIараб кьодухъе ва гьенисан аскIор ругел Хунзахъ, Шамиль, ЦIунтIа районазде ва БежтIа участокалде унел гIемерисел автомашинаби хьвадулел рукIана Курми – Хъвартихьуниб – Тунзиб – МагIлиб нухаздасан.**

ХIинкъи гьечIеб кьагIидаялда гьенисан автотранспорт хьвадизе букIинелъун хIукму гьабуна рехсолеб нухда ремонталъулал хIалтIаби тIоритIизе.

Гьеб участокалде рехана 17 тонна бакIлъиялъул бульдозер. Гьеб тIасан бачунаго нухде тIураб хъилалъе зарал бачIине гьабичIого букIиналъул




мурадалда гьениб хIалтIизе гьаруна басрияв машинабазул бурдул.

Ремонталъулал хIалтIаби гьаруна 10 км манзилалда. Рехсолеб нухдасан квал – квал гьечIого хьвадизе рес буго кIиго автомашинаялъе.

## *15 сентябрь – Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къо*






# Байрам кIодо гьабуна

**15 сентябралда республикаялда гIатIидго кIодо гьабуна Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къо. Байрам къоялда цойги нухалъ бербалагьи цIикIкIинабуна, гIасрабаз цо ракьалда гIумру гьабулел ругел халкъазда гьоркьоб бугеб гьудуллъиялде, цоцал адаб кквеялде ва гIемер миллатазул цадахъаб ракълилаб гIумруялде.**

ТIолабго Дагъистаналда 15 сентябрь гIодоб къо лъазабун букIуна. Киса – кирего тIоритIула концертал, тематикаялъул дандчIваял, выставкаби ва батIи – батIияб тадбирал. Гьедин, Дагъистаналъул тахшагьаралъул майданалда ана кIудияб концерталъулаб программа. Тадбиралда хIурматияв гьалбадерида гьоркьор рукIана Федерациялъул Советалъул нухмалъулей Валентина Матвиенко ва Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ишал тIуралев Федор Щукин.

ЦIар рагIарал коллективазул мухъилъ, жидерго махщел бихьизабуна халкъияб творчествоялъул мустахIикъаб хореографическияб «Хьаргаби» муниципалияб ансамблялъги. Майданалда щибаб муниципалияб гIуцIиялъул чатIрал гIуцIун рукIана. Хьаргаби районалъул гIададатаб квенги, районалъул росдал магIишаталъул бечелъиги цебе лъураб столалде нахъе рачIанщинал хIурматалда къабул гьарулел рукIана гьенир. КIудияб бутIа лъуна районалъул Культураялъул отделалъул хIалтIухъабаца ва творческияб пагьму-гьунар бугел районцояз.

Хьаргаби районалда жанибги гIатIидго тIоритIана байрамалда хурхарал тадбирал.

Аслияб къагIидаялъ гьел ана лъайкьеялъул гIуцIиязда лъималазул гIахьаллъигун ва гьединго районалъул культураялъул гIуцIиязда. Хасго беричго, берцинго тадбирал тIоритIана ясли – ахазда.






Лъималгун цадахъ тарбиячагIаз хIадурун рукIана литературияб композициял ва церерахъинал. Лъималаз рикIкIана ВатIаналде гьарурал кучIдул, рихьизаруна миллияв кьурдаби.

Районалъул школазда тIоритIана байрамалъул тарихалъул, гIемер миллатазул Дагъистаналда халкъазда гьоркьоб гьудуллъи щулаго кквеялъул кIваралъул бицунел классалъул сагIтал.

Къудукь школалъул лъималазда гьоркьоб тIобитIана «Халкъазул гьудуллъи» абураб фестиваль. Бечедаб программаялда лъималазул церерахъиназда бихьизабуна Дагъистаналъул халкъазул миллияб ретIел, кьурдаби ва квенал. Кьуна баянал щибаб миллаталъул гIадатал ва рукIа – рахъиназул.

ГIодобкъо букIаниги цIалдохъабиги, мугIалимзаби ва тарбиячагIиги къватIире рахъун, гIатIидго тIобитIана байрам Курми школа – интернаталдаги.

Дагъистаналъул А. Тахо- Годил цIаралда бугеб миллияб музеялъул Хьаргаби районалда филиалалда тIобитIана «Дагъистаналъул халкъазул миллияб ретIел ясикIоязда» - абураб выставка.

Тадбиралда гIахьаллъи гьабуна Хьаргаби №2 гьоркьохъеб школалъул «ТIоцересезул багъабачари» хIаракатчагIаз ва гьезул насихIатчIужу Х. Загьировалъ.

Гьединго, районалъул централияб библиотекаялда гIуцIана «Нилъ цадахъ руго ва гьеб нилъер къуват ккола» абураб тIахьазул выставка.

Дагъистан буго гIемер миллатазул, гIадатазул ва мацIазул берцинаб ракь. Киналго нилъ журазарун руго щулияб гьудуллъиялъ, цоцадехун бугеб адабалъ, Дагъистаналде бугеб рокьиялъ. Гьедин гьункун хутIаги нилъер халкъал.

Гьункиялъул кIвар гIун бачIунеб гIелалдаги бичIчIизабулеб бугони, нилъер ракьалда кидаго рекъел хутIила.





КУЛЬТУРА





# 70-го сонидасан цIи гьабуна

**Хьаргаби районалъул Хъвартихьуниб росулъ тIобитIана капиталияб ремонт гьабун къачIараб росдал культураялъул рукъ рагьиялъул рохалилаб данделъи.**

ХIурматиял гьалбал хIисабалда, гьенире ахIун рукIана Хьаргаби районалъул бетIерасул заместитель М. МухIамадов, районалъул чIахIиязул Советалъул председатель А. Шарипов, районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Ш. ШагIбандибиров.

Культураялъул рукъ баралдаса 70 сон аниги, цониги нухалда капиталияб ремонт гьабун букIинчIо гьениб. Жиндир заманаялъ, гьеб букIана росулъ тIоцебе шифер тIад ккураб беричаб мина. Жиндирго кIудияб гIумруялъул тарихалда жаниб, Культураялъул рокъор росдал жамагIаталъул гIемерал дандеруссинал ва байрамал тIоритIана. Гьалбалгун дандчIваял ва концертал гьаруна. Гьениб, гIун бачIунеб гIелалъухъе культурияб ирс цебе кьолеб букIана.

Капиталияб ремонталъе харж гьабизе бихьизабуна 10 млн. гъурущ.

Гьабураб ремонталдаса хадуб, басрияб минаялъул къватIисанги жанисанги лъикIалан сипат хисана. Жанир хIалтIулезе ва рачIаразе, шартIал лъикIлъизаруна.

Рохалилаб данделъиялда росдал бетIер ХI.МухIамадовас рачIаразе ва капиталияб ремонт гьабиялъе квербакъанщиназе баркала загьир гьабуна. КIалъазе рагIи кьурав районалъул чIахIиязул Советалъул председатель А. Шариповас тIадчIей гьабун абуна, жакъасеб тадбир кколин росдал гIадамал ракIариялъе гуребги гIун бачIунеб гIел нилъерго гIадатазе куцазе, церехун гьелги кьезе квербакъиялъе бутIа лъолеблъун.

Тадбиралъул берцинлъи бачIинабуна бакIалъул творческияб коллективаз рачIаразе хIадурараб концерталъулаб церерахъиналъ. Росдал гIадамазги баркала загьир гьабулеб буго проект рагIалде бахъинабизе квербакъаразе ва гьеб гIаммаб рохел бикьарал киназегоги.

СПОРТ

# Евразиялъул чемпионаталда

**13 сентябралда Чачан Республикаялъул Грозный шагьаралда тIобитIана Джиу- джитсуялъул рахъалъ Евразиялъул чемпионат.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Узбекистаналдаса, Таджикистаналдаса, Казахстаналдаса, Армениялдаса, Чачаналъа, Ингушетиялдаса ва Дагъисталналдаса спортсменаз. Гьениб гIахьаллъана гьединго нилъер районалъул командаги. Щивав спортсменас тIоритIана 5 – 6 дандчIваял. ХIалуцарал къецазда хIасилал гьадинал ккана:

**ТIоцересеб бакIал ккуна:**
- ГI. Танхаловас
- М. МухIамадрасуловас
- Ш. КъурахIмаевас
- А. Шейховас

**КIиабилел бакIал**
- М. ХIасановас
- М. МухIамадрасуловас

**Лъабабилел бакIал**
- А. Загьидовас
- М. МухIамадшариповас

Призалъулал бакIал росарал спортсменазе кьуна медалал, грамотаби ва къиматал сайгъатал.

Аллагьас гьезул бергьенлъаби гIемер гьареги.




# Байрамалъул хIурматалда




**Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къо кIодо гьабун районалъул администрациялда хIурматияб къагIидаялда тIобитIана Движение Первыхалъул жигарчагIазе паспортал кьей.**

Баркиялъул рагIабиги абун районалъул бетIерасул заместитель М. МухIамадовас паспортал щолел ругел лъималазе гьарана нилъерго тарих, гIадатал ва законалги цIунун мустахIикъал Российялъул гражданалъул рахъине къуват. Биччанте гьеб букIине нужер лъикIаб гIумруялде тIамулеб тIоцебесеб галилъун.

# Гунибская межрайонная прокуратура разъясняет

### Для участников СВО продлевается срок действия итогов олимпиад

С 26.10.2025 в ступил в силу Федеральный закон № 377-ФЗ « О внесении изменения в статью 108 Федерального закона «Об образовании в Российской Федерации», предусматривающий, что для участников СВО- победителей и призеров олимпиад школьников продлевается срок действия итогов олимпиад.

Согласно ст. 71 Федерального закона «Об образовании в Российской Федерации» результаты олимпиад школьников действуют в течении 4 лет. Изменения расширили уже существующую гарантию, приостанавливающую течение срока действия результатов ЕГЭ при поступлении. Теперь льгота распространяется и на итоги олимпиад.

Мера поддержки распространяется на следующие категории граждан:

проходящих службу в Вооруженных силах РФ (включая мобилизованных);

проходящих службу в войсках национальной гвардии РФ;

заключившие контракт о добровольном содействии в выполнении задач, возложенных на Вооруженные силы РФ или войска национальной гвардии РФ;

заключившие контракт, с организацией, содействующей выполнению задач Вооруженных Сил РФ;

принимавшие участие в боевых действиях с 11.05.2014 в составе Вооруженных сил Донецкой Народной Республики, Народной милиции Луганской Народной Республики.

Приостановка срока действия олимпиадных результатов действует на период участия гражданина в специальной военной операции.

### С 01.01.2026 конкретизировали норму об ответственности за передачу (попытку передачи) запрещенных предметов

Законодателем конкретизированы понятия «учреждения уголовно - исполнительной системы» и «места содержания под стражей». Данные изменения направлены на исключение случаев расширительного толкования ч. 1 ст. 19.12 КоАП РФ.

С 01.01.2026 административная ответственность наступает за передачу и попытку передачи запрещенных предметов лицу, содержащемуся в местах лишения свободы, исправительном центре или под стражей.

За совершение данного правонарушения лицу может быть назначен административный штраф в размере от пяти тысяч до десяти тысяч рублей с конфискацией запрещенных предметов, веществ или продуктов питания.

В качестве примеров запрещенных предметов, согласно действующему законодательству, следует рассматривать все виды оружия, боеприпасы, алкогольную продукцию, парфюмерные изделия, спортивный инвентарь и оборудование, а также иные предметы, оборот которых ограничен или запрещен федеральным законодательством.

# СЛУЖБА ПО КОНТРАКТУ

**До 31 августа включительно в Республике Дагестан предусмотрена дополнительная выплата для граждан, заключающих контракт с полком резерва на 1 год и более – военнослужащему выплачивается единовременные денежные выплаты в размере до 4 500 000 руб.:**

**400 000 руб.** – федеральная выплата;

**500 000 руб.** – региональная выплата;

**3 000 000 руб.** – региональная выплата (подразделения резерва);

**от 100 000 до 600 000 руб.** – выплаты от городов и муниципальных образований;

Зарплата военнослужащих начинается **от 210 тысяч рублей** в месяц.

от **6 500 000** — итого за год, с учетом единовременных выплат и заработной платы.

Заработная плата – от **210 тысяч рублей** в месяц.

До **300 тысяч рублей** увеличена единовременная выплата добровольцам отряда «Каспий».

Дополнительную информацию можно получить в пункте отбора по Дагестану:

8 (989) 484-69-95.




# Левашинский межрайонный филиал ТФОМС РД информирует:

**Главное для граждан серебряного возраста - сохранить активность, самостоятельность и высокое качество жизни!**

После 65 лет диспансеризация включает расширенный скрининг на возрастные изменения: оценку риска падений, проверку на остеопороз, возможные когнитивные нарушения деятельности мозга.

Диспансеризация для граждан 65 лет и старше — это бесплатный комплекс обследований, направленный на раннее выявление хронических заболеваний и коррекцию лечения уже существующих, рисков развития сердечно-сосудистых и онкологических патологий, а также оценку состояния здоровья. Для людей этой возрастной категории диспансеризация проводится ежегодно.

Что входит в диспансеризацию для граждан в возрасте 65 лет и старше

Программа разделена на два этапа. Второй этап назначается при наличии показаний для уточнения диагноза и консультаций с узкими специалистами.

Базовые обследования (1 этап)

В стандартный ежегодный осмотр включены:

- Анкетирование (опрос): анкетирование проводится по специальной анкете для пациентов 65 лет и старше для выявления жалоб, определения риска падений и оценку признаков, характерных для остеопороза, определения факторов риска и признаков старческой астении.
- Антропометрия: измерение роста, веса, окружности талии с расчетом индекса массы тела и определения избыточной массы тела, ожирения или наоборот, признаков потери веса, что характерно для ряда заболеваний в пожилом возрасте.
- Измерение артериального давления.
- Анализ крови: общий (включая гемоглобин, лейкоциты и СОЭ), биохимический (холестерин, глюкоза).
- ЭКГ: снятие электрокардиограммы для проверки работы сердца.
- Флюорография или рентгенография легких: проводится 1 раз в 2 года.
- Онкоскрининги, исследования на выявление злокачественных новообразований, вероятность которых возрастает с возрастом:
- скрининг на выявление злокачественных новообразований молочных желез (у женщин): в возрасте до 75 лет включительно – маммография обеих молочных желез в двух проекциях с двойным прочтением рентгенограмм 1 раз в 2 года;
- скрининг на выявление злокачественных новообразований толстого кишечника и прямой кишки: в возрасте от 65 до 75 лет включительно проводится исследование кала на скрытую кровь 1 раз в год;
- осмотр на выявление визуальных и иных локализаций онкологических заболеваний, включающий осмотр кожных покровов, слизистых губ и ротовой полости, пальпацию щитовидной железы, лимфатических узлов.
- Осмотр терапевтом: включает индивидуальное профилактическое консультирование, интерпретацию всех анализов и определение группы здоровья.

На 2 этапе дополнительный осмотр врачами узких специальностей для граждан старшего поколения:

- Осмотр офтальмологом: назначается при наличии жалоб на снижение остроты зрения, которое не корректируется очками.
- Осмотр оториноларингологом проводится по медицинским показаниям по результатам анкетирования или осмотра терапевта.



Особые условия

- Дополнительные дни для прохождения: Работающим пенсионерам работодатель обязан предоставлять два оплачиваемых выходных дня каждый год для прохождения диспансеризации (ст. 185.1 Трудового Кодекса Российской Федерации).
- Запись: Удобнее всего записаться на диспансеризацию через портал Госуслуги, колл-центр поликлиники или в регистратуре.

При отсутствии в населенном пункте, в котором проживает гражданин старше 65 лет, медицинской организации, в которой могут быть проведены профилактический медицинский осмотр или диспансеризация, может осуществляться перевозка гражданина в медицинскую организацию транспортом медицинской организации или учреждения социальной защиты.

Вы прошли диспансеризацию. Что делать дальше?

Выполнять полученные рекомендации с учетом выявленных рисков развития заболеваний и самих заболеваний. Менять свой режим дня, рацион питания, бороться с вредными привычками, снижать вес.

В заключение хочется ещё раз подчеркнуть: диспансеризация людям серебряного возраста нужна и важна. Именно системное наблюдение за состоянием здоровья, своевременное выявление болезней, соблюдение медицинских рекомендаций способны не только значительно продлить жизнь, но и обеспечить её высокое качество.

Не откладывайте визит к врачу «на потом». Запланируйте свой визит для прохождения диспансеризации в ближайшие дни - Ваше здоровье бесценно!

## Лъазаби

2000 соналда МагIлиб гъоркьохъеб школалъул 11 класс лъугIун ГъарамухIамадов МухIамадхIажи ГIабдулахIитовичасе кьураб А №5484630 аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.


**Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"**

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ

**БатIи-батIияв соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»**

**Главный редактор - Ахмедов Б.М.**
**Телефон - 23-2-26**
**Адрес редакции и издателя:**
**Гергебильский район, с. Гергебиль.**
**ул. Наиба Идриса, 43**

**Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.**

Отпечатано в типографии ООО «Лотос», пр-т Насрутдинова, 61. Претензии к качеству печати принимает типография.

Заказ № ________. Тираж 700 экз.


**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола авторaз.**
**Гъединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ кьимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**


Подписано в печать 17 сентября 2026 г. в 22:00.
По графику — 22:00.

**Индекс 51350. Цена свободная.**